# СТАЙ



Стайтæ сты гæдыйы мыггагæй. Сæ хъуын у бурбын сау хъулæттимæ, йæ гуыбын урс. Стай у тигры  хуызæн, фæлæ хуыздæр тасы æмæ у нуарджындæр.





Уый хорз быры бæлæстæм æмæ хæхты цъуппытæм. Йæ бон ленк кæнын у доны дæр. Стайы –иу фенын æмбæлыдис бирæ мит кæм уыдис ахæм хæххон бынæтты.









Уый у сæрыстыр сырд. Стайтæ бахаудысты сырх чиныгмæ.





# Цæгат Ирыстоны æмæ Хуссар Ирыстоны хæхты раздæр цардысты. Фæлæ сæ ныр ничиуал уыны.







# Ирыстоны тырысайы астæу гербыл цъупсæр хæхты размæ зыны стай(фыранк)



Йæ фезмæлд – сабыр, фæлæ хъавгæ. Ахæм ныфсхаст æмæ сæрæн сырды бахастой нæ фыдæлтæ сæ национ тырысайы гербмæ.



Уый нысан кæны, ирон адæм знаджы ныхмæ тохы фыранкау æхсарджын æмæ хъæбатыр кæй сты, уый. Хæхтæ та æвдисынц нæ адæмы цæрæн бынат.




